

A. Pilih jawaban sing paling bener!

Wacan ing ngisor iki wacanen, kanggo mangsuli pitakon no 1 nganti 5!


Bocah-bocah dha sekolah,
Wiwit biyen nalika isih cilik,
Sregepa anggolek ilmu,
Wayah esuk lan awan,
Ngrungokake parentahe para guru,
Lan bisa ngerti agama,
Agama ngarsaning Gusti.


1. Tembang ing dhuwur arane tembang
- A. Pucung
- B. Asmaradana
- C. Kinanthi
- D. Pangkur
2. Guru lagu lan guru wilangane tembang ing dhuwur yaiku
- A. 8a – 8i – 8u – 8e – 7a – 8i – 8i
- B. 8a – 11i – 8u – 7a – 12u – 8a – 8i
- C. 8h – 11k – 8u – 7n – 12u – 8a – 8i
- D. 8a – 11i – 10u – 7a – 12u – 8i – 8a
3. Unine swara saben pungkasaning gatra tembang macapat, diarani
- A. guru lagu
- B. guru wilangan
- C. guru swara
- D. guru gatra
4. Dene cacahé wanda saben gatra diarani
- A. guru lagu
- B. guru wilangan
- C. guru swara
- D. guru gatra
5. Sing ora kalebu pitutur kang ana sajeroning tembang, yaiku....
- A. Bocah-bocah kudu sregep sekolah
- B. Kudu tansah mirengake prentahe guru
- C. Wiwit cilik sregep golek ilmu
- D. Aja gelem ngudi kawruh agama


Kanggo soal nomer 6 nganti 10, gatekna tembang ing ngisor iki!


Bapak pucung, saben dina tansah bingung,
badanira panjang,
tutukira pan pesagi,
saben dina pucung nguntal buntutira.

6. Tembang ing dhuwur jenenge tembang
 - A. Gambuh
 - B. Pucung
 - C. Sinom
 - D. Mijil
7. Guru wilangan lan guru lagune gatra katelu ing tembang dhuwur yaiku ...
 - A. 7i
 - B. 8i
 - C. 9i
 - D. 10i
8. Tembang ing dhuwur satemene cangkriman. Batangane ...
 - A. tali
 - B. kalung
 - C. sabuk
 - D. ula
9. "*Nut jaman kapungkur tetep nyawiji*", ukara iki mujudake sasmitane tembang
 - A. Pucung
 - B. Pangkur
 - C. Sinom
 - D. Gambuh
10. "Badanira panjang" yen katulis nganggo aksara Jawa sing paling bener

A. 

B. 

C. 

D. 

B. Wacanen tembang ing ngisor iki!

Sagung pra rawuh sedaya,
Mugi pinayungan nugraha yekti,
Asih tresna Alloh satuhu,
Tansaha kasarira,
Puja-puji syukur saha sembah sujud,
Konjuk ing ngarsa paduka,
Gusti Alloh maha suci.

Wangsulana pitakon ing ngisor iki!

1. Tembang ing dhuwur kalebu tembang apa? ...
2. Golekana guru gatra, guru wilangan, lan guru lagune!
Guru gatra = ...
Guru wilangan lan guru lagu =,,,,,,
3. Apa isine tembang mau? ...
4. "*Mugi pinayungan nugraha yekti*", apa tegese ukara kasebut? ...
5. Tembang ing dhuwur gancarna nganggo basamu dhewe!
...